Shıǵarmanıń ekinshi kitabı haqqında ilimpaz J.Esenov penen bolǵan sáwbetinde: "Al dilogiyanıń ekinshi kitabı – "Órkeniyat" (Civilizaciya) ta bolsa, Allataala inayatı menen alıs ótmishte tuwılıwı shárt bolǵan saǵıyranıń búgingi zamanda tuwılıp, jasawı waqıyaların sáwlelendiriwdi niyet etip otırman", - dep avtor aytıp ótedi. Roman dialogiyada jazıwshı qaraqalpaqlar arasında Adam ata hám Hawa ene túsinikleri, diniy bilimler qáliplesip baslaǵan dáwirlerdi de óz ishine qamtıp jazıwǵa háreket etedi. Bunnan kóriwge boladı, jazıwshı "Ómir, Ólim hám Ómir" dilogiyasınıń "Áyyemgi qaraqalpaqlar" degen dáslepki bóliminde qaraqalpaqlardıń erte dáwirdegi turmısı súwretlese, ekinshi "Órkeniyet" degen bóliminde búgingi kúnniń turmıs waqıyaların súwretlewdi maqset etken. Onda búgingi turmısımızdaǵı hár qıylı máselelerdi jarıtıp, adamzattıń ótmishi hám keleshegi haqqında oylandırıwǵa shaqıradı.

Romanda qaraqalpaqlardıń tarıyxıy ótmishi dáwirler kesiminde sóz etilip, sak-massagetlerden keyingi turmısı haqqında qısqasha bayanlanadı. Qaraqalpaq xalqınıń sak-massaget dáwirlerinen kóp keyin payda bolǵanı tabjılmas shınlıq. Biraq búgingi qaraqalpaqlar da, ilimpazlar tárepinen sak-massagetlerden kelip shıqqanı aytılsa, usı kózqarastan Qara Alp Aq, Aq Alp Aqlar qaraqalpaqqa, Boztay kósem, Ay Alpın, Pırjan qaǵanlar, Bórixan, Qaratay kósemler mańǵıt qáwimizge, Nókis, Dobal, Aybalta, Esterek, Janaydarlar kenegeske, Buwra xan, Genjekler múytenge, Toqsaba. Qaplanbek kósem, Aspantay bahadırlar qıpshaqqa, Reyipnazar shaljuwıtqa, Jádiger saqıwǵa, Tanabay kólegenge, Qarlı qataǵanǵa, Tastaybek shomaqqa, Qarshıǵa qaǵan qarasıyraqqa, Baybota úysinge, Barıs palwan baymaqlıǵa baba bolǵanbısh desek qáte bola qoymas.

Juwmaqlap aytqanda, A.Ábdievtiń "Áyyemgi qaraqalpaqlar" romanında adamlar arasındaǵı ala awızlıq, dunyadaǵı tınıshsızlıqdı keltirip shıǵarǵan adamlardıń tirishilikti saqlap qalıwǵa háreket etiwleri, sak-massaget qáwiminiń turmısı mısalında ashıp berilgen. Onda jazıwshı dúnyanıń tınısh bolıwı, xalıqlar doslıǵı, milletler ara keńpeyillik, diniy bawrıkeńlik ideyaların baslı orında súwretlegen.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Нуржанов . Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. –Нөкис: «Билим», 2003.
2. Есенов Ж. Буркит паруаз доретиуши. –Тошкент: "Adabiyot", 2025.
3. Геродот. История. -Ташкент, 2005.
4. Әбдиев А. Әййемги қарақалпақлар («Өмир, Өлим ҳәм Өмир» дилогиясының биринши китабы). Роман. Ташкент, 2024.


## X. DÁWLETNAZAROV POEZIYASÍNDA LIRIKALÍQ QAHARMAN OBRAZÍ

*Qosbergenova Bekziya Ayapbergen qızı*
*QMU magistrantı.*

Házirgi kúnde qaraqalpaq ádebiyatında obrazlar sisteması, lirikalıq qaharman obrazları keń túrde úyrenilmekte. Lirikalıq qaharman obyektiv hám subyekiv elementtiń birliginen ibarat bolıp, shayırdıń ruwxıy dúnyasınıń baylıǵı, ózgesheligi bir-birinen ajıralmas túrde jámlengen boladı [1:14]. Demek, biz lirikada lirikalıq qaharman arqalı shayırdıń ruwxıy dúnyasın kóre alamız. Hárbir shayır óz qosıqlarınıń mazmunın, áhmiyetin, tásirsheńligin ashıp beriwde lirikalıq qaharman obrazınan paydalanadı. Haqıyqatshıl shayır dep atalǵan X.Dáwletnazarov qosıqlarıda tereń lirizim menen suwǵarılǵan bolıp, onda ótkir poetikalıq qatarlar, mazmunnıń tereńligi lirikalıq qaharman obrazları arqalı anıq jetkerilip berilgen.

X.Dáwletnazarov házirgi qaraqalpaq poeziyasınıń talantlı lirik shayırlarınıń biri. Shayır poeziyasınıń tiykarǵı ózgesheliklerdiń biri – bul onıń haqıyqatqa umtılıwı, haqıyqatlıqtı, gúmanistlik ideyalardı óz qosıqlarında sheber jarıtıp bere alıwı.

Sezemen olardıń kózleri nurǵa,
Júrekleri ullı ármanǵa tolı,

Kóp kemlik kórip, kóp tayaqları sınǵan,
Xalqınıń basınan sıypaydı qolı.

Aqıl-oyda ozıq hám dıyanatlı
Bizler bilmegendi bul ballar biler.
Búgin jón kóringen islerimizge
Erteńgi kún mágar bas shayqap kúler [2: 4]

Bul qosıq shayırdıń "Ashıq bolıp jasań" toplamına kirgizilgen "Dúnyanı ballarǵa tapsırıw kerek" atlı qosıq bolıp, bunda biz lirikalıq qaharmannıń ana-jer, tábiyat bir qıylı halatta ekenine janı ashıp qıynalǵan ishki gúyzelislerin kóriwimizge boladı.

Dúnyanıń, Watannıń, xalıqtıń taǵdirin,
Juwapker sezinip, moynına alsın,
Nápsi bálesine giriptar bolǵan,
Adamlar olardı kórip uyalsın [2:6].

Bul qosıqta lirikalıq qaharman erteńgi kúndi kókiregi dúziw, kewli taza, júrekleri armanǵa tolı, ozıq-oylı, dıyanatlı perzentler qolına házirden tapsırıw kerek ekenligin aytadı. Sebebi olar házirden xalıq taǵdirin óz moynına alsa, juwapkershilikti sezinedi, nápsi bálesinen uzaq bolıwın aytadı. Perzentlerdi nápsi bálesi biylep, pulǵa ósh bolıp ketpesinen burın olardı batıl háreket etiwge úyretiw kerek ekenligin, bolmasa bizlerge usap bosalań boladı dep aytıp ótedi.

Biz bilemiz, shayırdıń kóplegen qosıqları watan súyiwshilik ruwhında jazılǵan. Shayırdıń qosıqlarında súren, shaqırıqlar basım keledi. "Qumar ana", "Batır Gúlayım", "Amangeldi batır", "Tumarisa", "Bul xalıq ushın", "Watan táshwishi" sıyaqlı qosıqlardı kóriwimizge boladı.

Hárkim de, álbette shegedi azar,
Denesinen mayırılsa bir múshesi,
Jer bul janı hám tánidur watannıń
Shımtıp úzile berse qaladı nesi? [2:8]

"Watan táshwishi" dep atalǵan qosıqta lirikalıq qaharman ana jerimizdegi tilsimli zatlardıń joq qılınıp atırǵanına qabırǵası qayısadı. Adam balası denesiniń bir múyeshi mayırılsa, janı azar shegedi, al watannıń she? Biz hesh oylap kórgenbiz ba, ormanlar órtelse, darya-teńizler qurısa watannıń da janı azar shekpeyma? Múmkin olarda watannıń ayaǵı, qolı shıǵar degen pikirdi alǵa súredi. Bularda joq qılına berse nesi qaladı? Darya, tawlar, jerler bularda watannıń bir músheleri, olarsız watan súyenishsiz qaladı. Bul qosıqta lirikalıq qaharman janıńdi kimgedur waqıtsha jasap turıwǵa bere almaǵanıń sıyaqlı, watanda bir múshesiz jasay almaydı, onı bóleklewge bolmaydı, topıraq ullılıqtan jaralǵan, shımtıp úzile berse taban ayaq bolıp qalıwı haqqında insanlarǵa túsindirmekshi boladı.

Náwpir saǵa aldı, qaytıw kewiller,
Erkinlik qusları qaqtı qanatın,
Ana, dos, perzent, yar miyrim-shápáát,
Miriwbetshilik,- deymiz bul kúnniń atın
Terbele basladı páklik besigi
Ashıldı Nawrızdıń altın besigi [4: 145]

Shayırdıń bul "Nawrız seyili" dep atalǵan qosıǵında ózimizdi ózimiz millet sıpatında tanıǵannan keyin lirikalıq qaharmannıń quwanıw sezimlerin kóriwimizge boladı. Ózligimdi ańlaǵannan keyin, eski úrip-ádet, dástúrlerimiziń tikleniwi, máselen, Nawrız seylindegi palwanlardıń gúresi, qoshqarlar urıstırıw, jigit-qızlardıń kesa alısıp, bir-birin sınǵa alıw sıyaqlı háreketlerin, xalıqtıń quwanıwın, shadlanıwın usı qosıqta sheber jetkerip bere alǵan. Biz shayırdıń "Azatlıq", "Amangeldi batır", "Xalıq-xalıqlıǵın etpegi kerek" qosıqlarında lirikalıq qaharmannıń xalıqtı azatlıq ushın gúresiwge, awızbirshilikli bolıwǵa shaqırıw súrenlerin kóremiz.

Kespek kerek! Túyin kóp shiye,

Sezimlerdi almasaq sharlap,
Mantıqtırar keshmish daryası,
Tal bolsada qalmasaq qarmap.

Erlik, Birlik, Íǵbal, Danalıq,
Tórtew túwel bolıp dizile,
Azatlıqtıń nurlı Quyashın,
Bir kún ertip qaytar izine! [4: 109]

Bul qosıqta biz lirikalıq qaharmannıń kúyiniw halatların kóremiz. Shadlıǵımızǵa tırtıq túsken, jaw sebebinen qasarısıwlar payda bolǵanın, xalıq búlginshilikke ushırap, birikpewin aytadı. Lirikalıq qaharman azatlıqtan úmitin úzbeydi, bizden keyingi keleshek áwlad jasawı ushın bunday shań tozańlardan erlik, birlik, danalıq penen birigip, azatlıq quyashın alıp shıǵıw kerek ekenligin aytıp, xalıqtı birigiwge shaqıradı.

Peyzajlıq qosıqlarda lirikalıq qaharmannıń ishki dúnyasın ashıp beriwde úlken xızmet etedi. Tábiyattaǵı qubılıslar, gúller, máwsimler qaharmannıń ishki sezimlerin bildiriwde hárdayım jetekshi orında turǵan. Máselen, B.Qayıpnazarov óz qosıqlarında gúl obrazınan sheber paydalanǵan bolsa, J.Izbasqanov ishki keshirmelerin, sezimlerin bildiriwde máwsimlerden tabıslı paydalanǵan. X.Dáwletnazarovta basqa shayırlar sıyaqlı yar táriyipin beriwde báhár obrazınan paydalanǵan.

Onda báhár edi...
"Quwanısh jarma",
Hallaslap aǵadı, jılwalı aǵıs,
Onda aynalada sendey qız barma,
Kóz aldımda ediń taranǵan tawıs [3: 40]

X.Dáwletnazarovtıń "Onda báhar edi" dep atalǵan qosıǵında lirikalıq qaharman báhár ayında Sárbinaz atlı qızǵa ashıq bolǵanın, óz sezimlerin xat arqalı bildirgenin aytadı. Lirikalıq qaharmannıń ármanı joldası bolıp, gezendelikke mútaj bolmasada, segbir tartıp qıynalǵanın kóremiz. Biraq biz qosıq qatarları arqalı qız razılıq juwabın bildirmegenin kóriwimizge boladı.

...Jáne báhár keldi, sharq urar quslar,
Baǵlar qushaǵında gúller eter naz,
"Jolımdı torıdı demegil sırttan",
Bunı júregimnen sorań Sárbinaz [3: 40]

Shayırdıń "Báhárdiń jıllı lep samalı esti" atlı qosıǵında bolsa báhár obrazı arqalı insanlarda názik sezimlerdi oyatıwshı názalim, yar obrazın esletiwshi detallar menen súwretlengen.

Juwmaqlap aytqanda, haqıyqat jırshısı bolǵan X.Dáwletnazarov óz ideyaların, pikirilerin lirikalıq qaharman obrazlarında sáwlelendiriwi arqalı sheber jetkerip bere alǵan. Shayır qosıqlarında lirikalıq qaharman oziniń haqıyqatgóyligi, mártligi, el-xalıq ushın pidayılıǵı menen ajıralıp turadı. X.Dáwletnazarov házirgi kúnde óziniń ótkir, poetikalıq mazmunǵa iye qosıqları menen milliy ádebiyatımızdıń rawajlanıwına salmaqlı úlesin qosıp kelmekte.

## Ádebiyatlar

1. Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1971.
2. Дәўлетназаров Х. Ашық болып жасаң. – Нөкис: Билим, 2011.
3. Дәўлетназаров Х. Хат. – Нөкис: Қаракалпақстан, 1980.
4. Дәўлетназаров Х. Хош қал жаслығым. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.